

# Bayhealth Ogmante Tès Koronavirus Pou Kominote nan Konte Sussex



Bayhealth travay an kolaborasyon avèk biwo gouvènè a, Divizyon Sante Piblik la ak lòt sistèm sante nou yo pou ogmante tès depistaj kominotè pou kowonavirus ak konsyantizasyon pou popilasyon ki gen gwo risk nan Konte Sussex la. Ou pa bezwen okenn randevou nesèsè.

Bayhealth pral bay tès nan kominote a san randevou oswa nan machin pou kondwi nan DHSS State Services Center nan Milford, ki chita nan 253 NE Front Street, ant 9 a.m. ak 3 p.m. nan dat sa yo:

**Jedi, 30 Avril Samdi, 2 me Lendi, 4 me Jedi, 7 me Samdi, 9 me Lendi, 11 me**

Tès yo etann nan kominote sa a fèt pou popilasyon ki gen gwo risk sa yo: moun ki gen sentòm ki konsistan avèk COVID-19, moun k ap viv oswa k ap travay ak yon moun yo te dyagnostike ak COVID-19, manm fanmi oswa kolokatè nan moun k ap travay nan endistri bèt volay ak moun ki gen maladi kwoniktankou opresyon, dyabèt, tansyon wo, oswa sistèm iminitè ki fèb.

Tès Koronavirus la disponib pou tout laj. Nemours AI DuPont yo pral disponib pou l tèste pasyan pedyat yo.

Delawareans ki gen kesyon sou COVID-19 ki gen rapò ak bezwen medikal oswa sosyal ta dwe **rele 2-1-1; oswa 7-1-1** pou moun ki soud oswa ki mal pou tandè. Orè yo louvri **8 a.m. a 9 p.m., Lendi a vandredi; ak ant 9 a.m. ak 5 p.m. pandan wikenn.** Ou ka soumèt kesyon yo tou pa imèl nan **DPHCall@delaware.gov**.